
ENSTRIKSYON JENERAL
(Tanpri li ak anpil atansyon anvan ou ranpli epi depoze Fòm EOIR-26 la)

A. Kilè pou fè apèl:

- Itilizefòm sa a (Fòm EOIR-26) sèlman pou fè apèl kont yon desizyon yon Jij Imigrasyon pran. Si ou vle fè apèl kont yon desizyon Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), ou dwe itilize yon lòt fòm (Fòm EOIR-29).
- Pa Itilizefòm sa a (Fòm EOIR-26) pou fè apèl kont detèminasyon Jij Imigrasyon sa yo:

Laperèz rezonab 8 C.F.R. § 1208.31(g)(1)

Laperèz kredib 8 C.F.R. § 1208.30(g)(2)(iv)(A)

Revizyon estati reklame 8 C.F.R. § 1235.3(b)(5)(iv)

Komisyon Apèl Imigrasyon an (Komisyon an) pa gen otorite pou revize detèminasyon sa yo. Pou plis enfòmasyon konsènan otorite revizyon Komisyon an, tanpri gade Manyèl Règleman EOIR la, Pati III – Manyèl PrPwen BIA, ki disponib sou [sit entènèt EOIR](https://www.justice.gov/eoir) la nan www.justice.gov/eoir.

- Ou dwe voye Avi Apèl la pou Komisyon an **resevwa** li nan yon delè trant (30) jou kalandriye apre Jij Imigrasyon an bay desizyon oral la, oswa nan trant (30) jou kalandriye apre dat yo te voye desizyon ekri a pa lapòs (si pa t gen okenn desizyon oral).
- Senpleman vote Avi Apèl la nan lapòs nan trant (30) jou oswa mwens pa sifi. Avi Apèl ou a dwe rive nan Komisyon an nan trant (30) jou oswa mwens. Si Avi Apèl ou a rive an reta, y ap rejte apèl ou a.

B. Ki kote pou fè apèl:

- Depoze pa lapòs:

Biwo Grefye Komisyon Apèl Imigrasyon an
5107 Leesburg Pike, Suite 2000
Falls Church, VA 22041

- Depoze dokiman an pèsòn:

Biwo Grefye Komisyon Apèl Imigrasyon an
5107 Leesburg Pike, Fenèt Depoze nan Lobi a
Falls Church, VA 22041

- Depoze atravè Sistèm Tribinal ak Apèl EOIR (ECAS): Depatman Sekirite Entèn (DHS), avoka yo, ak reprezantan akredite yo dwe depoze apèl yo elektwonikman nan ka ki kalifye pou depoze elektwonikman atravè ECAS, disponib nan www.justice.gov/eoir/ECAS. Pou yon Defandè oswa yon Demandè ki pa gen reprezantasyon, ki enskri pou Pòtal Aksè Defandè an (RAP), tanpri konsilte gidans lan, ki disponib nan www.justice.gov/eoir/respondentaccess, pou depoze yon Avi Apèl atravè RAP la. Yon Defandè oswa yon Demandè ki pa gen reprezantasyon pa oblije depoze Avi Apèl la atravè RAP la.

C. Kijan pou fè apèl:

- Li tout enstriksyon sa yo. **Remak:** Si ou se moun ki nan pwosedi a, ou se "Defandè a" oswa "Demandè a". Ou se "Apelan" an tou si w ap depoze yon apèl kont yon desizyon yon Jij Imigrasyon pran.
- Ranpli tout paj Avi Apèl la nèt, reponn kesyon #1 rive #12 **yo an Anglè sèlman.**
- Nan Pwen #1 an, bay non ak Nimewo Etranje (Nimewo-A) **tout** Defandè oswa Demandè k ap fè apèl kont desizyon Jij Imigrasyon an.
- Siyen Pwen #9 la.
- Mete adrès postal Defandè yo oswa Demandè yo nan Pwen #10.
- Ekri non ou ak nimewo A ou yo sou tout dokiman ki tache ak Avi Apèl la.
- Tradui tout dokiman ou tache ak Avi Apèl la an Anglè. Tout tradiksyon dwe gen ladan deklarasyon tradiktè a ki deklare ke tradiktè a konpetan, epi ke tradiksyon an s
- Ranpli epi, si sa aplikab, siyen "Prèv Sèvis" la pou montre ou te fè sa (Pwen #12). **REMAK:** Si ou se Defandè an oswa Demandè a, "Pati Advès la" se Avoka Anchèf Adjwen Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (ICE) nan DHS la.
- Yo ka rejte oswa ranvwaye apèl ou a si ou pa ranpli "Prèv Sèvis" la byen (item #12).
- Voye yon kopi Avi Apèl la ak nenpòt dokiman ki tache ak li pa lapòs oswa bay pati opozan an, si sa aplikab. Moun ki depoze dokiman elektwonikman pa oblije remèt dokiman bay pati advès la si pati advès la ap patisipe nan ECAS. Sistèm ECAS la ap bay yon notifikasyon sèvis elektwonik bay pati k ap patisipe yo. Sepandan, moun k ap depoze dokiman elektwonikman yo dwe toujou siyen epi ranpli "Prèv Sèvis" la (Pwen #12).

D. Peman pou Apèl la:

- Montan: Montan frè depo aktyèl la endike sou [sit entènèt EOIR la](https://www.justice.gov/eoir/types-appeals-motions-and-required-fees) (<https://www.justice.gov/eoir/types-appeals-motions-and-required-fees>).
- Pèman Tout frè depo apèl yo dwe peye elektwonikman atravè **Pòtay Peman EOIR** (<https://ePay.eoir.justice.gov>). Peman ki pa ka kolekte a pa satisfè yon egzijans frè epi li ka lakòz rejte apèl la. Yo pa aksepte peman an lajan kach, chèk, manda lajan, oswa chèk kaye.

Pou peye elektwonikman atravè paj wèb Pòtay Peman EOIR la, ou pral bezwen antre nimewo A ki asosye avèk desizyon Jij Imigrasyon an w ap fè apèl la epi chwazi kalite dosye a; enfòmasyon sa a ap enprime sou resi ou a yon fwa peman an fini. Y ap redireksyon ou sou sitwèb Trezò Ameriken an Pay.gov pou w ka konplete peman an. Lè tranzaksyon ou an fini, y ap dirije w tounen sou paj wèb Pòtay Peman EOIR la pou w enprime resi peman frè EOIR ou a. **Ou dwe soumèt resi peman frè EOIR ou a ansanm ak fòm apèl ou a.**

- Demann pou Egzonerasyon Frè: Si ou pa kapab peye pou apèl la, ranpli yon Demann pou Egzonerasyon Frè (Fòm EOIR-26A) epi tache l ak Avi Apèl la. Komisyon an ap egzamine demann ou an epi deside si li pral aksepte apèl la san peye frè a.
- Yo ka rejte oswa ranvwaye apèl ou a si ou pa soumèt yon resi peman frè, yon Demann Egzansyon Frè (Fòm EOIR-26A) ki byen ranpli, oswa si ou pa ka kolekte peman elektwonik ou a.

E. Avoka oswa Reprezantan Otorize: Ou ka fè yon avoka oswa yon reprezantan ki otorize pou parèt devan EOIR la reprezante w. Si yon avoka oswa yon reprezantan otorize reprezante w, li dwe depoze, ansanm ak Avi Apèl la, yon Avi Aparisyon kòm Avoka oswa Reprezantan Devan Komisyon Apèl Imigrasyon an (Fòm EOIR-27).

F. Espesifye Rezon pou Apèl la (Pwen #6):

- Bay detay espesifik poukisa ou pa dakò ak desizyon Jij Imigrasyon an. Espesifye konklizyon de fè yo, konklizyon lalwa yo, oswa toude, ke w ap konteste. Si gen yon kesyon lalwa ki prezante, site otorite legal ki sipòte kesyon an. Si diskisyon an se sou konklizyon de fè yo, idantifye fè espesifik w ap konteste yo.
- Kote apèl la konsène yon soulajman diskresyonè, endike si erè swadizan an gen rapò ak baz legal pou kalifikasyon oswa ak egzèsis diskresyon an. Idantifye konklizyon espesifik sou reyalite ak kesyon legal w ap konteste yo.
- Si ou pa bay rezon espesifik, ak detay, nan Pwen #6 la, oswa nan dokiman ki atache ak Avi Apèl ou a, Komisyon an ka rejte apèl ou a sou baz sa a sèlman.
- Pifò apèl yo revize pa yon sèl Jij Imigrasyon Apèl (AIJ). Si ou deklare ke apèl ou a jistifye yon panèl twa manm, ou ta dwe idantifye baz faktyèl oswa legal espesifik pou agiman ou an.
- Yon panèl ki gen twa manm ap egzamine ka yo sèlman si ka a prezante youn nan sikonstans sa yo:
 - Nesesite pou rezoud enkonsistans ki genyen nan desizyon diferan Jij Imigrasyon yo;
 - Bezwen pou etabli yon presedan ki entèprete siyifikasyon lwa, règleman, oswa pwosedi yo;
 - Nesesite pou revize yon desizyon yon Jij Imigrasyon pran ki pa konfòm ak lalwa a oswa ak presedan ki aplikab yo;
 - Bezwen pou rezoud yon ka oswa yon konfli ki gen yon gwo enpòtans nasyonal;
 - Nesesite pou revize yon detèminasyon faktal ki klèman pa kòrèk pa yon Jij Imigrasyon; oswa
 - Nesesite pou ranvèse desizyon yon Jij Imigrasyon apa de yon ranvèsman anba 8 C.F.R. § 1003.1(e)(5) (sa vle di, pèmèt yon sèl jij ki responsab pou fè apèl la anile yon desizyon ki te afekte pa chanjman nan lwa, règleman, oswa jirisprudans).

G. Agiman Oral (Pwen #7):

- Si ou mande agiman oral nan Pwen #7 la, Komisyon an ap avize w si yo aksepte demann ou an.
- Menm si ou mande agiman oral, ou dwe toujou bay rezon detaye pou apèl ou a sou Avi Apèl la nan Pwen #6 la ak atachman yo.
- Si ou mande yon agiman oral, ou ta dwe endike tou nan Pwen #6 la poukisa ou kwè ka ou a merite yon revizyon pa yon panèl twa manm.

H. Memwa legal (Pwen #8):

- Endike nan Pwen #8 la si ou gen entansyon depoze yon lòt dokiman ekri oswa yon deklarasyon pita. Komisyon an ap voye ba ou yon orè reyinyon enfòmasyon epi, lè sa apwopriye, yon transkripsyon temwayaj la.
- Menm si ou gen entansyon depoze yon lòt dokiman oswa yon deklarasyon pita, ou toujou dwe bay rezon detaye pou apèl ou a nan Avi Apèl la nan Pwen #6 ak dokiman atache yo.

I. Chanjman Adrès:

- Si ou demenaje apre ou fin voye Avi Apèl ou a bay Komisyon an, ou dwe bay Komisyon an nouvo adrès ou a nan senk (5) jou ouvrab apre ou fin demenaje a. Itilize yon Fòm Chanjman Adrès pou Etranje (Fòm EOIR-33/BIA).
- Avoka oswa reprezantan yo dwe fè Komisyon an konnen tou si yo chanje adrès oswa nimewo telefòn, lè l sèvi avèk Fòm EOIR-27 la. Yon notifikasyon chanjman adrès yon avoka oswa yon reprezantan valab sèlman pou ka kote li soumèt li a. Epitou, chanjman nan adrès oswa enfòmasyon kontak yon avoka oswa yon reprezantan ta dwe fèt lè yo mete ajou enfòmasyon anrejistreman an nan eRegistry EOIR la pou enkli nouvo adrès la ak enfòmasyon kontak la.

J. Plis Enfòmasyon: Pou plis enfòmasyon, tanpri gade Manyèl Règleman EOIR la, Pati III – Manyèl PrPwen BIA, ki disponib sou [sit entènèt EOIR la \(www.justice.gov/eoir\)](http://www.justice.gov/eoir).

K. Avi relatif ak Lwa sou Rediksyon Papye: Anba Lwa sou Rediksyon Papye a, yon moun pa oblije reponn a yon koleksyon enfòmasyon sof si li gen yon nimewo kontwòl OMB ki valab. Nou eseye kreye fòm ak enstriksyon ki egzak, fasil pou konprann, epi ki enpoze mwens chay posib sou ou pou bay avèkenfòmasyon Estimasyon Tan mwayèn pou ranpli fòm sa a se trant (30) minit. Si ou gen kòmantè konsènan presizyon estimasyon sa a, oswa sijesyon pou senplifye fòm sa a, ou kapab swa: (1) ekri Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon an, Biwo Konsèy Jeneral la, 5107 Leesburg Pike, Suite 2600, Falls Church, Vijini 22041; oswa (2) voye yon imèl bay EOIR.PRA.Comments@usdoj.gov.

L. Avi relatif aki Lwa sou Konfidansyalite Enfòmasyon ki sou fòm sa a otorize pa 8 C.F.R. §§ 1003.3, 1003.38 pou kapab fè apèl kont yon desizyon yon Jij Imigrasyon devan Komisyon Apèl Imigrasyon an. Enfòmasyon ou bay yo nesèsè pou fè apèl kont desizyon an, epi si ou pa bay enfòmasyon yo mande a, yo ka refize demann ou an. EOIR ka pataje enfòmasyon sa a ak lòt moun an akò avèk itilizasyon woutin apwouve ki dekri nan sistèm avi dosye EOIR sa yo (SORN), oswa siksesè yo: JUSTICE/EOIR-001, Dosye desizyon ak Apèl Biwo Jij Anchèf Imigrasyon an ak Komisyon Apèl Imigrasyon an, 90 FR 42265 (29 Out 2025). EOIR otorize pa 5 U.S.C. § 552a(e)(3) pou mande, kolekte, epi pataje enfòmasyon sou peman ou yo an akò avèk itilizasyon woutin apwouve ki dekri nan SORN Treasury/FMS.017, Collections Record-Treasury/Financial Management Services, 70 FR 34522, 34532-22 (14 jen 2005).

Depa soti Ozetazini:

Si ou kite Etazini apre yon jij imigrasyon pran yon desizyon nan pwosedi ekspilsyon oswa depòtasyon, men anvan ou fè apèl kont desizyon an devan Komisyon an, ou ka renonse dwa ou pou fè apèl la. Si ou kite Etazini apre ou fin depoze yon apèl bay Komisyon an, men anvan Komisyon an pran yon desizyon sou apèl ou a, yo ka retire apèl ou a epi mete desizyon Jij Imigrasyon an an aplikasyon kòmsi ou pa t janm depoze yon apèl.

Rejè Somè Apèl la:

Komisyon an ka rejte nenpòt apèl oswa yon pòsyon nan nenpòt apèl san pèdi tan kote: (1) Apelan an pa presize rezon apèl la (gade Pati F pi wo a); (2) Sèl rezon apelan an bay pou apèl la se yon konklizyon sou reyalite oswa sou lalwa li te deja admèt nan yon pwosedi anvan; (3) Apèl la soti nan yon lòd ki te bay apelan an tout soulajman li te mande a; (4) Apèl la depoze pou yon rezon ki pa apwopriye, tankou lakòz reta ki pa nesèsè, oswa li pa gen okenn baz reyalite oswa lalwa ki ka diskite, sof si Komisyon an detèmine li sipòte pa yon agiman ki fèt nan bon lafwa pou ekstansyon, modifikasyon, oswa anilasyon yon lwa ki egziste deja; (5) Apelan an endike sou Fòm EOIR-26 li pral depoze yon dokiman oswa yon deklarasyon apa pou sipòte apèl la, epi apre sa li pa depoze dokiman oswa deklarasyon sa a, oswa li pa bay yon eksplikasyon rezonab pou sa, nan delè ki te fikse pou depoze dosye a (gade Pati H pi wo a); (6) Apèl la pa tonbe anba jiridiksyon Komisyon an, oswa jiridiksyon an se nan Jij Imigrasyon an olye de Komisyon an; (7) Apèl la pa depoze alè oswa li bloke paske gen yon renonsyasyon klè ak afimatif nan dosye a pou dwa fè apèl la; oswa (8) Apèl la pa satisfè egzijans legal oswa regilasyon esansyèl yo, oswa li ekskli klèman pa yon lwa oswa yon règleman.

AVÈTISMAN! Ou dwe:

- Siyen Avi Apèl la (Pwen #9).
- Mete resi peman frè a oswa Demann Egzansyon Frè a (Fòm EOIR-26A).
- Ranpli epi siyen Prèv Sèvis la (Pwen #12).
- Asire w apèl ou a rive nan Komisyon an anvan oswa nan dat limit depoze a.